

Dat Limit pou Aplikasyon Apre Siklòn Helene ak Milton nan Florida a Pwolonje.

Release Date: Novanm 25, 2024

TALLAHASSEE, Fla. – Dat Limit pou moun k ap viv Florida yo aplike pou asistans apre Siklòn Milton ak Helene nan te pwolonje pou jiska 7 Janvyè 2025.

Pwopriyetè oswa lokatè ki fè pèt akòz Siklòn [Milton](#) ak [Helene](#) yo ka kalifye pou FEMA ba yo asistans finansye pou deplasman, reparasyon debaz nan kay, pèt pwopriyete pèsònèl ak lòt depans ki gen pou wè ak katastwòf ki pa gen asirans oswa asirans lan pa ase.

Nou ankouraje pwopriyetè kay ak lokatè yo pou yo aplike anliy nan [DisasterAssistance.gov](https://www.disasterassistance.gov) oswa lè w itilize [FEMA App](#). Ou ka aplike tou nan telefòn nan **800-621-3362**. Liy telefòn yo ouvri chak jou epi gen èd ki disponib nan majorite lang yo. Si w ap itilize yon sèvis relè, telefòn ki gen soutit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo w pou sèvis sa a. Pou w gen aksè ak yon videyo sou fason pou w aplike pou w jwenn asistans, ale sou [FEMA Accessible: Aplike pou Asistans Endividyèl - YouTube](#).

Si w te sibi domaj nan Siklòn Helene ak siklòn Milton, w ap bezwen aplike apa pou chak katastwòf yo epi bay dat domaj ou sibi yo pou yo chak.

Pou w ka jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon apre Siklòn Milton, vizite [fema.gov/disaster/4834](https://www.fema.gov/disaster/4834). Pou w ka jwenn enfòmasyon sou reyabilitasyon apre siklòn Helene nan, vizite [fema.gov/disaster/4828](https://www.fema.gov/disaster/4828). Pou w ka jwenn enfòmasyon sou reyabilitasyon apre siklòn Debby a, vizite [fema.gov/disaster/4806](https://www.fema.gov/disaster/4806). Swiv FEMA sou X sou x.com/femaregion4 oswa sou Facebook sou [facebook.com/fema](https://www.facebook.com/fema).

###

Misyon FEMA se ede moun anvan, pandan epi apre katastwòf yo.



FEMA

Page 1 of 2

FEMA pran angajman pou l asire l asistans pou katastwòf yo fèt san fòs kote, san diskriminasyon

sou baz ras, koulè po, nasyonalite, sèks, oryantasyon seksyèl, relijyon, laj, andikap, konpetans nan lang anglè

oswa estati ekonomik. Nenpòt sivivan katastwòf oswa manm piblik la ka kontakte FEMA

Biwo Dwa Sivil (Office of Civil Rights) si yo santi yo gen yon plent pou diskriminasyon. Biwo Sivil FEMA a

Ou ka kontakte dwa yo nan FEMA-OCR@fema.dhs.gov oswa gratis nan 833-285-7448.



FEMA

Page 2 of 2